Tout sa

Boston (ak ou!)

Ka

Fè

★Pou Timoun Ou an★

****

Gid pou Paran yo pou Edikasyon Espesyal nan Boston
Janvye 2017
Se Divizyon Pedyatri Devlopmantal ak Konpòtmantal
Boston Medical Center an ki Pwodui l
Sant pou Navigasyon Familyal ak Pwomosyon Sante Kominotè

Tabdèmatyè

Seksyon	Paj
Entwodiksyon	4
Rapèl Enpòtan pou Dwa Paran yo pou Edikasyon Espesyal Kisa Edikasyon Espesyal ye? Kisa yon Evalyasyon EKIP ye?	4
PWOSESIS EKIP Dwa ou yo	5
Jwenn Edikasyon Espesyal pou yon timoun ki **poko** lekòl	6
Jwenn Edikasyon Espesyal pou yon timoun ki **deja** lekòl	7
Evalyasyon Ekip Rezilta Evalyasyon yo	8
Apre rankont lan	9
Plan Edikasyon Endividyalize (IEP)	10
Desizyon	11
Kisa k rive si ou rejte tout oswa yon pati nan IEP an?	11
Evalyasyon Endepandan Asirans Kalite Pwogram lan (PQA) Analiz Anyèl	13
Lis Kontwòl Pwosesis Ekip lan	14
Resous	15
Echantiyon lèt ki mande Sèvis Edikasyon Espesyal	21
Echantiyon lèt ki mande Evalyasyon Endepandan	23
Fòmilè Enfòmasyon pou Konsomasyon PQA	25
Bwochi pou Medyasyon	27

Paran antanke Asosye

Antanke paran, OU se pi bon avoka pou timoun ou an. Legalman, ou gen dwa e ou dwe enfòme sou tout sèvis ki disponib pou timoun ou an. Plis enplikasyon ak vwa ou gran, plis rezilta gran!

Èske ou gen enkyetid konsènan devlopman timoun ou an? Èske timoun ou an gen yon andikap konpòtmantal (Reta Devlopmantal Jeneral, Otis, ADHD oswa Andikap Entèlektyèl)? Èske yon doktè oswa klinisyen te pale ak ou pou ou ta pran sèvis eskolè pou timoun ou an?

Kijan pou ou yon Paran ki Asosye

• Kenbe yon kominikasyon entèraktif ak pwofesè epi sistèm eskolè timoun ou an

• Kenbe yon jounal kontak ou ak lekòl lan

• Fè suivi ak demann oral ki enpòtan yo alekri

• Konekte ak yon òganizasyon paran ki ofri fòmasyon ak soutyen GRATIS pou paran timoun yo gen bezwen espesyal (gade seksyon Resous yo pou enfòmasyon pou pran kontak)

Dwa pou Edikasyon Espesyal

Nan Massachusetts, lwa federal ak Eta yo defini dwa timoun yo pou sèvis edikasyon espesyal. Lwa sa yo ak reglemantasyon yo, founi aksè bay tout timoun ki nan laj pou al lekòl ki gen andikap ak yon "edikasyon piblik ki gratis epi apwopriye". Lwa sa yo garanti tou yo gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen san parèy yo nan "anviwonnman ki gen mwens limit" lan epi yo pa refize okenn timoun sèvis akoz andikap li.

Lwa sa yo se:

1. Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (IDEA) (federal)
2. Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon an (federal)
3. MGL c. 71B (Massachusetts)

Kisa Edikasyon Espesyal ye?

Li ka anpil diferan kalite sèvis. Kèk timoun bezwen edike nan yon sal klas espesyal. Kèk bezwen èd anplis nan yon sal klas regilye. Lòt bezwen sèvis ki lye, tankou terapi pou dyalòg ak langaj, ègoterapi ak terapi fizik epi oryantasyon, pou satisfè bezwen yo.

Kisa yon Evalyasyon EKIP ye?

Si ou enkyete timoun ou an gen difikilte lekòl, ou ka mande yon evalyasyon EKIP, pafwa yo rele l yon "BAZ" Yon evalyasyon EKIP se yon gwoup evalyasyon ki pral ede distri eskolè an detèmine si timoun ou an gen yon andikap ki egzije edikasyon espesyal. Rezilta tès yo pral defini fòs ak domèn bezwen timoun ou an. Kalifikasyon timoun ou an pou edikasyon espesyal, ansanm ak pwochen planifikasyon pwogram lan, baze sou rezilta evalyasyon EKIP lan. Rès pake sa a fèt pou ede ou konprann pwosesis EKIP lan, dwa jiridik ou yo ak delè ki enpòtan yo.

Pwosesis lan

Li ekstrèman enpòtan pou ou konprann tout sa k rive nan tout pwosesis lan. Konsèy ki suiv lan gendwa ede ou.

1. POZE KESYON! Lè ou pa konprann yon bagay nan yon rankont, mande yon moun ba ou plis esplikasyon.
2. Prepare pou rankont ak apèl telefòn yo apwopo timoun ou an.
    - Abitye ou ak enfòmasyon yo pral diskite yo.
    - Drese yon lis tout sa ou atann pou yo aboòde yo.
3. Pwofite gwoup paran yo. Lòt paran yo se gwo resous, piske yo ap eksperimante oswa te eksperimante menm sitiyasyon yo oswa sitiyasyon ki trè sanble ak pa ou yo. Twa pi gwo resous pou paran yo se:
    a. Federation for Children with Special Needs (www.fcsn.org)
    b. Family Ties (www.massfamilyties.org)
    c. Boston SpedPac (http://bostonspedpac.org)
4. Avize founisè swen prensipal timoun ou an. Founisè timoun ou an ka pi byen sèvi timoun ou an si l okouran timoun ou an ap resevwa yon evalyasyon EKIP. Li enpòtan pou doktè an konnen pwosedi an ak ki sèvis timoun ou an resevwa nan ka sa a.

Rapèl Enpòtan

- Yon evalyasyon EKIP ak sèvis timoun ou an gendwa resevwa yo, yo tout GRATIS.
- Tout timoun ki nan lekòl piblik (kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo) kapab mande yon evalyasyon EKIP.

Dwa Ou Yo

1. Ou gendwa patisipe nan tout rankont, e yo dwe fèt nan yon kote e nan yon lè ki favorab pou ou ak reprezantan lekòl lan.

2. Timoun ou an gendwa patisipe rankont yo si l gen omwen katòz lane e yon timoun ki pi jenn gendwa patisipe nan diskresyon ou ak ekip evalyasyon an.

3. Ou gendwa mennen yon moun (oswa plizyè moun) ou chwazi nan rankont yo e sa gen ladan l yon avoka, yon zanmi, yon tradiktè oswa yon pwofesyonèl ki konn timoun ou an.

4. Yon entèprèt pwofesyonèl ki pale lang ou **dwe** bay si ou pa pale oswa konprann anglè.

5. Sistèm eskolè an pa ka egzije ou peye depans okenn pòsyon nan pwogram edikasyon espesyal timoun ou an; toutfwa, li gendwa mande ou itilize kouvèti asirans ou an pou peye sèten sèvis. Yo pa ka retade livrezon sèvis pandan yo ap verifye posiblite yo, e yo dwe rakonte ou si gen nenpòt posiblite pèt asirans oswa okenn kopeman.

Jwenn Sèvis Edikasyon Espesyal pou Timoun ou an

Timoun ki gen laj 3 lane e plis, **KI PA enskri nan lekòl**

Rapèl sou Defans:

Kenbe yon jounal tout kominikasyon ou yo ak lekòl lan

Kenbe kopi tout korespondans ou ak lekòl lan.

Voye yon lèt bay Depatman Edikasyon Espesyal lan ki mande yon Evalyasyon Ekip akoz enkyetid ou yo oswa dyagnostik timoun ou an.

Apre yo resevwa lèt lan, distri eskolè an gen **5 jou lekòl** pou voye ba ou yon Fòmilè Konsantman pou Evalyasyon.
Fòmilè sa a drese lis tout evalyasyon ki dwe reyalize yo.
Fòmilè Konsantman an dwe **SIYEN** epi **TOUNEN** nan lide pou evalyasyon an kòmanse.
Verifye tout evalyasyon ki nesesè yo ladan l, siyen epi voye l pi rapid sa posib.
*Kèk nan domèn tès ki pi komen yo se: Terapi Konpòtmantal, Dyalòg, Egoterapi, Terapi Fizik, Sikolojik ak ABA.
**Tout tès gendwa fèt yo tout nan yon sèl jounen oswa yo gendwa fèt nan dat diferan.

Apre yo resevwa Fòmilè Konsantman an distri eskolè an gen **45 jou lekòl** pou fè evalyasyon yo e fè rankont Ekip lan.
Apre tès lan fini, yon rankont IEP ap pwograme. Nan rankont sa a ou ap resevwa yon kopi pou dosye ou sou tout rapò apati tout tès lan, chak domèn pral rapòte dekouvèt yo, e yon desizyon apwopo kalifikasyon Edikasyon Espesyal oswa sèvis anplis ap pran.

*Ou otorize pou pa dakò ak nenpòt rapò, pa egzanp: Ou ka rejte absans sèvis yo

Ou pral resevwa yon kopi final IEP an nan kourye **10 jou lekòl** apre rankont lan. Asire w ou li tout dokiman an oswa pote l bay pedyat timoun ou an pou ede ou. Ou gen opsyon pou:

1. Totalman aksepte IEP an
2. Rejte IEP an
3. Rejte an pati IEP an

Ou gen 30 jou pou pote tounen IEP siyen an.

Jwenn Sèvis Edikasyon Espesyal pou Timoun ou an

Rapèl sou Defans:

Kenbe yon jounal tout kominikasyon ou yo ak lekòl lan

Kenbe kopi tout korespondans ou ak lekòl lan.

Timoun laj 3 lane ak plis

Timoun lan **deja enskri** nan lekòl piblik

Timoun lan deja **enskri** nan lekòl piblik, **gen yon IEP** e l ap resevwa sistèm sèvis.

Voye lèt bay Lekòl lan OSWA Depatman Edikasyon Espesyal ki mande yon Evalyasyon Ekip akoz enkyetid ou yo oswa dyagnostik timoun ou an.

- Apre yo resevwa lèt lan, distri eskolè an gen **5 jou lekòl** pou voye ba ou yon Fòmilè Konsantman pou Evalyasyon. Fòmilè sa a drese lis tout evalyasyon ki dwe reyalize yo.
  Fòmilè Konsantman an dwe **SIYEN** epi **TOUNEN** nan lide pou evalyasyon an kòmanse.
- Verifye tout evalyasyon ki nesesè yo ladan l, siyen epi voye l pi rapid sa posib.

*Kèk nan domèn tès ki pi komen yo se: Terapi Konpòtmantal, Dyalòg, Ègoterapi, Terapi Fizik, Sikolojik ak ABA.

**Tout tès gendwa fèt yo tout nan yon sèl jounen oswa yo gendwa fèt nan dat diferan.

Apre yo resevwa Fòmilè Konsantman an distri eskolè an gen **45 jou lekòl** pou fè evalyasyon yo e fè rankont Ekip lan. Apre tès lan fini, yon rankont IEP ap pwograme. Nan rankont sa a ou ap resevwa yon kopi pou dosye ou sou tout rapò apati tout tès lan, chak domèn pral rapòte dekouvèt yo, e yon desizyon apwopo kalifikasyon Edikasyon Espesyal oswa sèvis anplis ap pran.

*Ou otorize pou pa dakò ak nenpòt rapò; pa egzanp, ou ka rejte absans sèvis yo.

Ou pral resevwa yon kopi final IEP an nan kourye oswa nan valiz timoun ou an **10 jou lekòl** apre rankont lan. Asire w ou li tout dokiman an oswa pote l bay pedyat timoun ou an pou ede ou. Ou gen opsyon pou:

1. Totalman aksepte IEP an
2. Rejte IEP an
3. Rejte an pati IEP an

Ou gen 30 jou pou pote tounen IEP siyen an.

Kalite andikap Edikasyon Espesyal yo:

- Otis
- Reta nan Devlopman
- Defisyans Entèlektyèl
- Defisyans nan Sans
- Odisyon/Vizyon/Soud-Avèg
- Defisyans Newolojik
- Defisyans Emosyonèl
- Defisyans Kominikasyon
- Defisyans Fizik
- Defisyans Sante
- Andikap Aprantisaj Presi

603 CMR 28.02

Yon ekip konplè evalyasyon dwe gen ladan yo:

1. **Evalyasyon Espesyalis Presi yo**: Evalyasyon sa a lye ak domèn andikap yo sispèk lan. Pa egzanp, yon timoun ki gen reta nan dyalòg oswa defisyans nan dyalòg ta dwe gen yon evalyasyon Dyalòg ak Langaj. Kèk nan evalyasyon ki pi komen yo se Terapi Dyalòg ak Langaj, Ègoterapi (motrisite rafine epi global), Terapi Fizik ak Konpòtman Aplike pou timoun ki gen Otis yo oswa enkyetid konpòtmantal yo.
2. **Evalyasyon Sikolojik**: Yon evalyasyon pou konsidere kapasite aprantisaj ak estil elèv lan anrapò ak devlopman epi kapasite sosyal/emosyonèl li yo. Yon sikològ ki kalifye pral reyalize yon egzamen sikolojik, ki pral petèt gen ladan l alafwa rankontre timoun ou an epi obsève l nan anviwonnman abityèl tankou sal klas lan; tès lan gendwa gen ladan l tès sou kosyan akonplisman ak entelijans.
3. **Evalyasyon Edikatif**: Sa se yon evalyasyon pou verifye antesedan ak pwogrè edikatif elèv lan. Evalyasyon sa a ta dwe gen ladan l enfòmasyon sou plizyè domèn devlopman tankou kapasite sosyal, atansyon, kominikasyon ak patisipasyon epi relasyon l ak kamarad epi adilt yo.

Pafwa lekòl lan oswa paran an ta ka mande tou evalyasyon ki suiv yo la:

1. Egzamen medikal: Ou gendwa mande founisè swen prensipal timoun ou an ranpli yon fòmilè, ki souvan gen ladan l depistaj vizyon ak odisyon, oswa lekòl lan pral refere ou bay yon medsen ki pral reyalize yon egzamen medikal sou kont lekòl lan.
2. Antesedan familyal: Piske ou pase plis tan ak timoun ou an pase lòt moun fè l, ou ka pi byen dekri konpòtman ak santiman timoun ou an nan anpil domèn devlopmantal ki lye ak edikasyon. Sijè sa yo gendwa gen ladan yo jwèt, enterè andeyò pwogram lekòl lan, zanmi ak relasyon familyal, ansanm ak kwasans epi devlopman.
3. Vizit adomisil: Ak pèmisyon ou, yon vizit adomisil nan men yon enfimyè, travayè sosyal oswa yon konseye gendwa apwopriye.

REZILTA EVALYASYON YO

Rankont Ekip

Objektif yon Rankont Ekip se pou rapwoche tout moun pou prezante rezilta yo pou nou ka kreye pi bon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) posib lan pou timoun ou an. Sa se yon rankont ki ekstrèman enpòtan, piske IEP final lan pral dekri bezwen espesyal timoun ou an jan sistèm eskolè an wè l, epi apresa li ap gen ladan l yon prezantasyon tout sèvis ki rekòmande yo pou pwogram edikasyon timoun ou an nan li. Li obligatwa donk pou ou konprann tout pwosedi yo nan rankont sa a.

Kalandriye Reyalizasyon an

• Rankont Ekip lan dwe rive 45 jou lekòl apre lekòl lan resevwa fòmilè konsantman paran an.

• Nan espas 10 jou lekòl apre Rankont Ekip lan, si lekòl lan detèmine timoun ou an bezwen sèvis edikasyon espesyal, yo ap voye IEP an ba ou.

• De jou anvan Rankont Ekip lan (kote yo ap diskite sou evalyasyon an epi sigjere yon plan), ou gendwa mande yon rezime ekri evalyasyon yo.

Konsèy pou defans: Abitye tèt ou ak rezilta yo

Li ap itil pou ou si ou abitye ak rezilta yo anvan rankont lan. Ou gendwa bezwen diskite sou rezilta yo ak yon sous ki gen konesans sou sa tankou Kowòdonatè Edikasyon Espesyal timoun ou an oswa yon avoka.

Kite rankont lan ak satisfaksyon dèske ou konnen:			
	1.	Kiyès ki ap patisipe nan rankont lan epi poukisa?	
	2.	Èske yo abòde tout enkyetid yo konsènan timoun ou an?	
	3.	Èske yo abòde tout rezilta tès yo?	
	4.	Kijan yo ap transpòte timoun ou an?	
	5.	Kiyès ki pral asire l IEP an pwomilge?	
	6.	Kilè ou ka obsève pwogram lan ak timoun ou an ladan l?	
	7.	Kilè ou ap resevwa rapò sou pwogrè yo?	
	8.	Kilè revizyon yo ap fèt?	

Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP)

Nan espas **10** jou lekòl apre Rankont Ekip lan, si lekòl lan detèmine timoun ou an bezwen sèvis edikasyon espesyal, yo ap voye de kopi IEP an ba ou. IEP an pral deklare si timoun ou an ta dwe resevwa sèvis espesyal. Li IEP an ak atansyon, epi asire w ou konprann tout bagay. Pa ezite pwograme yon rankont ak Kowòdonatè Edikasyon Espesyal timoun ou an pou diskite sou IEP an paske gen chans pou ou gendwa bezwen poze kesyon ki pote klarifikasyon. Si lekòl lan detèmine timoun ou an pa bezwen sèvis edikasyon espesyal, yo ap voye yon esplikasyon ekri sou yon dekouvèt "okenn bezwen espesyal" ba ou.

IEP an pral gen ladan l kalite enfòmasyon ki suiv yo la:

- Enkyetid ou yo
- Andikap prensipal timoun ou an
- Pwofil aprantisaj timoun ou an, ansanm ak idantifikasyon fòs ak feblès timoun ou an
- Deklarasyon vizyon pou timoun ou an
- Aranjman ki obligatwa pou timoun lan nan anviwonnman sal klas lan
- Objektif ki rezonab yo ap atann pou timoun ou an satisfè pandan pwochen ane an
    - Yon deskripsyon kapasite timoun ou an nan chak domèn bezwen ki idantifye
- Yon deskripsyon patisipasyon timoun ou an nan pwogram edikasyon regilye an
- Leta mandate si ou ta dwe renonse oswa aksepte patisipasyon timoun ou an
- Apwòch aprantisaj ak dokiman espesyalize yo sigjere yo
- Sitou, orè livrezon sèvis edikasyon espesyal lan, gen ladan l:
    - Kalite ak kantite sèvis ki bay yo
    - Objektif chak sèvis
    - Kalite anviwonnman ak anplasman chak sèvis
    - Pèsonèl ki founi chak sèvis ak sèvis transpò
    - Dat yo pwojte sèvis lan pral kòmanse
    - Frekans ak dire sèvis lan
- Èske yo ap founi ane lekòl pwolonje
- Si yo ap founi sèvis transpò e kijan (yo ap founi yo)

Suivi

Premye analiz IEP timoun ou an dwe fèt nan espas **1 lane** apati plasman l nan edikasyon espesyal. Apresa, rankont analiz yo dwe fèt omwen chak ane pou fè rapò sou pwogrè timoun ou an nan sans objektif yo ki nan IEP an.

Chak twa ane, dwe gen yon re-evalyasyon sou timoun ou an. Nouvo evalyasyon ak bilan yo ap reyalize epi yo ap mande ou bay konsantman ekri pou evalasyon sa yo e menm direktiv yo kenbe.

DESIZYON AK OPSYON YO

Nan espas **trant jou sivil** apati resepsyon kopi IEP yo, ou dwe pran yon desizyon apwopo si pou aksepte IEP an, rejte IEP an oswa aksepte an pati IEP oswa rejte an pati IEP an.

Yon fwa ou resevwa IEP ki pwopoze an ou DWE fè YOUN nan sa ki suiv yo:

Aksepte IEP an nan totalite

IEP an ap etabli e sèvis yo pral kòmanse tousuit apre lekòl lan resevwa dokiman ki siyen an.

Aksepte IEP an an pati / rejè pasyèl

Se sèlman pati sa yo ki aksepte nan IEP an k ap etabli e sèvis yo pral kòmanse tousuit apre lekòl lan resevwa dokiman ki siyen an.

Lekòl lan gendwa pwograme yon rankont pou pale sou pati ki rejte yo oswa toudepan demann lan, pwograme evalyasyon anplis.

Rejte IEP an nan totalite

IEP ki pwopoze an pa p etabli ditou. Si elèv lan gen yon IEP oparavan, li ap kontinye nan kad reglemantasyon "rete anplas" yo.

Si sa se premye IEP an pa p gen okenn sèvis k ap livre. Li rekòmande pou itilize opsyon sa a **ak atansyon**.

- Ou gendwa mande yon rankont ak Kowòdonatè Edikasyon Espesyal timoun ou an konsènan desizyon ou an, espesyalman si ou rejte nenpòt pòsyon nan IEP timoun ou an.
- Koche bwat ou chwazi an nan dènye paj youn nan kopi IEP an. Se pou ou konnen si gen nenpòt pati ki rejte, yo ap sipoze tout lòt yo aksepte.
- Siyen nan dènye paj kopi sa a.
- Pote tounen kopi ki koche epi siyen plan an bay lekòl timoun ou an.

Kisa k Rive Si Ou Rejte Tout oswa yon Pati nan IEP/Desizyon an?

Si ou pa satisfè ak rezilta nenpòt pati nan evalyasyon an oswa rezilta yo, ou gen dwa pou ou fè yon kontestasyon atravè Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal Depatman Edikasyon an. Anvan ou al nan yon odyans kontestasyon, ou ka mande yon medyasyon. De opsyon sa yo enplike:

- Medyasyon pèmèt paran an ak komite lekòl lan travay ansanm nan yon fason volontè pou rezoud kont yo an.
- Odyans mennen paran an ak lekòl lan devan yon ofisye odyans ki pral koute chak pati epi pran yon desizyon.

Plent pou Asirans Kalite Pwogram lan (PQA)

Si nenpòt lè pandan pwosesis EKIP lan ou santi:

- lekòl lan pa p mache suivan kalandriye ki preskri an
- lekòl lan pa p founi sèvis jan IEP an egzije sa a
- li pa satisfè ak okenn pati nan pwosesis lan

Ou ka depoze yon plent bò kote Depatman Asirans Kalite Pwogram (PQA) Depatman Edikasyon Massachusetts lan. Gade Fòmilè pou Plent PQA nan paj 24 lan. Si ou bezwen asistans oswa enfòmasyon anplis sou fason pou ranpli fòmilè an rele 781-388-3300 oswa vizite http://www.doe.mass.edu/pqa/

Evalyasyon Endepandan

Si ou pa satisfè ak dekouvèt evalyasyon timoun ou an, ou gendwa fè yon founisè andeyò lekòl lan re-evalye timoun ou an. Nan lide pou lekòl la peye evalyasyon endepandan an ou dwe fè yon demann ekri bay lekòl lan. Lekòl lan blije peye tout repriz evalyasyon yo si timoun ou an resevwa repa midi ki gratis epi nan pri redui, men evalyasyon anplis yo gendwa sibi yon odyans anvan yo sibvansyone yo. Gade echantiyon demann lèt Evalyasyon Endepandan an nan paj 19 lan.

Analiz Anyèl

- Premye analiz lan dwe fèt nan espas 1 lane apati premye plasman timoun ou an nan edikasyon espesyal.
- Apresa, rankont analiz yo dwe fèt omwen chak ane.
- Chak twa lane dwe gen yon re-evalyasyon timoun ou an. Yo pral mande ou bay yon konsantman ekri pou re-evalyasyon sa a e menm direktiv yo ap kenbe.

Lis Kontwòl Pwosesis EKIP lan

Dokiman	Dat	Remak
Lèt ki mande evalyasyon an (lekòl lan gen 5 jou lekòl pou voye ba ou lakay ou *Fòmilè Konsantman pou Evalyasyon* an)		
Fòmilè Konsantman pou Evalyasyon an soumèt bay lekòl lan (lekòl lan gen 45 jou pou reyalize evalyasyon an (yo) epi fè rankont Ekip lan)		
Orè evalyasyon an: _____ _____ _____ _____		
Rankont Ekip lan pwograme ☐ Entèprèt lan pwograme? ☐ Yo resevwa rapò yo 2 jou alavans?		
Pwopozisyon IEP an resevwa nan espas 10 jou apre rankont Ekip lan		
IEP ki siyen an soumèt bay lekòl lan (nan espas 30 jou apre ou resevwa l)		

Remak Anplis, Dat ak Kontak Enpòtan

Resous

LEKÒL PIBLIK BOSTON YO

Office of the Superintendent (Biwo Siretandan an): 2300 Washington Street, Roxbury, MA 02119

Nimewo Prensipal	617-635-9000
Faks	617-635-9059
Sèvis Oryantasyon yo	617-635-8030
Sèvis Soutyen pou Paran yo	617-635-9660
Edikasyon Espesyal	617-635-8599
Konsèy Konsiltasyon Paran ki Gen Bezwen Espesyal yo	617-635-6612
Sirentandan	617-635-9050
Angajman Fanmi ak Elèv yo	617-635-7750
Konsèy Konsiltasyon Paran yo nan Boston – Tit I	617-635-9210
Depatman Transpò	(617) 635-9520 schoolbus@bostonpublicschools.org

SANT AKÈY POU PARAN YO

Dorchester 1216 Dorchester Avenue 617-635-8015	Gen èd ki disponib nan anglè, pòtigè, panyòl, kreyòl kapvè ak vyetnamyen.
Roxbury 2300 Washington Street, 2zyèm etaj 617-635-9010	Gen èd ki disponib nan kantonè, anglè, mandaren, vyetnamyen ak panyòl.
Roslindale 515 Hyde Park Avenue 617-635-8040	Gen èd ki disponib nan kreyòl kapvè, anglè, fransè, kreyòl ayisyen, pòtigè ak panyòl.
East Boston 312 Border Street 617-635-9597	Gen èd ki disponib nan anglè ak panyòl.

LÒT ÒGANIZASYON ENPÒTAN

Pwogram Otis nan BMC
www.bmc.org/pediatrics-autism-program
Ede epi abilite sila yo ASD an afekte atravè soutyen dirèk pou pasyan, edikasyon founisè yo ak fòmasyon kominotè nan yon fason ki konpetan sou plan kiltirèl nan ofri swen gwo kalite epi ki konplè bay tout moun, kèlkeswa sitiyasyon oswa kapasite pou yo peye.
850 Harrison Avenue, 6zyèm Etaj, Boston, MA 02118 617-414-3842

BOSTnet
www.bostnet.org
Chèche ranfòse kalite epi ogmante kapasite rezo tan andeyò lekòl lan nan kontakte fanmi ki gen revni fèb ak modere yo, founisè tan andeyò lekòl yo ak lejislatè lokal yo ak nan Eta a
6 Beacon Street, Suite 1110, Boston 02108 617-720-1290

Boston Partners in Education
www.bostonpartners.org
Pi gwo òganizasyon volontarya nan lekòl vil lan, ki founi pwogram yo yon konpozan akademik ak parenaj
44 Farnsworth St., Boston 02210 617-451-6145

Boston Public Schools Department of Adult Education (Depatman Edikasyon pou Adilt Lekòl Piblik Boston yo)
www.bostonpublicschools.org/Page/4486
Yon lekòl nan apremidi ki ofri yon pwogram 16 chapit ki mennen nan yon diplòm ki parèy ak yon diplòm lekòl segondè nan Madison Park Technical Vocational School
55 Malcolm X Boulevard, Bldg. 1, Roxbury 02120 617-635-9827

Bureau of Special Education Appeals (Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal yo)
www.doe.mass.edu/bsea
Reyalize medyasyon, opinyon konsiltatif ak odyans pwosesis regilye pou rezoud kont ant paran yo, distri eskolè yo, lekòl prive ak ajans piblik yo
75 Pleasant St., Malden 02148 781-338-6400

Citywide Parents Council (Konsèy Paran yo nan tout Vil lan)
www.citywideparentcouncil.org
Founi soutyen bay paran yo nan defann edikasyon kalite pou tout elèv Lekòl Piblik Boston yo
Boston Latin Academy, 21 Deckard St., Boston 02121 617-635-9210

Department of Mental Health (Depatman Sante Mantal)
www.state.ma.us/dmh
Etabli nòm yo pou fonksyonnman enfrastrikti mantal yo ak pwogram rezidansyèl kominotè yo epi founi sèvis klinik, reyabilitasyon ak soutyen pou adilt, timoun ak adolesan ki gen maladi mantal oswa nuizans emosyonèl grav
25 Staniford St., Boston 02114 617-626-8000

Department of Developmental Services (Depatman Sèvis Devlopman yo)
www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dds/
Ajans piblik ki founi soutyen bay sitwayen yo ki gen andikap devlopmantal yo ak fanmi yo
500 Harrison Ave. Boston 02118 617-727-5608

Disability Law Center
www.dlc-ma.org
Yon òganizasyon prive ki pa pou pwofi ki responsab pou l founi pwoteksyon ak defans pou dwa abitan Massachusetts ki gen andikap yo
11 Beacon St., Suite 925, Boston 02108 617-723-8455
Pou sèvis menm kote 800-872-9992

EdLaw Project
www.edlawproject.org
Yon patenarya ant Children's Law Center of Massachusetts, Inc. ak Youth Advocacy Project lan ki defann timoun ki endijan e ki gen revni fèb yo ki andanje pou yo pa resevwa sèvis edikasyon ki apwopriye
10 Malcolm X Blvd., Roxbury, 02119 617-989-8125

Families First (Pwogram Parantal)
www.families-first.org
Founi pwogram edikatif ak soutyen ki fèt pou ede paran yo konstwi relasyon ki pozitif, konstriktif epi ki pote satisfaksyon ak timoun yo
99 Bishop Allen Dr., Cambridge 02139 617-868-7687

Federation for Children with Special Needs (Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo)
www.fcsn.org
Yon sant pou paran ak òganizasyon paran pou travay ansanm nan non timoun yo ki gen bezwen espesyal yo epi fanmi yo
1135 Tremont St. Suite 420, Boston 02120 617-236-7210
800-331-0688

Hispanic Office of Planning and Evaluation (HOPE)
www.hopemass.org
Yon ajans nan tout Eta a ki kreye pou defann, devlope, fasilite, kowòdone epi evalye sèvis edikatif, sosyal ak pwogram devlopman kominotè pou kominote ispanik lan nan Massachusetts
165 Brookside Ave., Jamaica Plain 02130 617-524-8888

Liy Asistans pou Alfabetizasyon Adilt nan Massachusetts
www.sabes.org
Founi enfòmasyon ak referans bay plis pase 350 òganizasyon ak pwogram aprantisaj endepandan nan tout Eta a ki ofri parenaj endividyèl, enstriksyon an ti gwoup oswa nan sal klas bay elèv ki adilt yo
800-447-8844

Massachusetts Advocates for Children (Defansè pou Timoun yo nan Massachusetts)
www.massadvocates.org
Founi defans ak asistans jiridik konsènan sousi edikatif pou paran timoun ki gen bezwen espeyal
25 Kingston St. 2zyèm Etaj, Boston 02116 617-357-8431

Massachusetts Commission for the Blind (Komisyon pou Moun Avèg yo nan Massachusetts)
www.mass.gov/eohhs/gov/departments/mcb
Travay nan patenarya ak moun ki avèg legalman yo pou atenn objektif endepandans ak patisipasyon yo nan kominote yo
48 Boylston St., Boston 02116 617-727-5550
800-392-6450

Massachusetts Commission for the Deaf and Hard of Hearing (Komisyon pou Moun ki Soud e ki Mal pou Tande yo nan Massachusetts)
www.mass.gov/eohhs/gov/departments/mcdhh
Defann, founi epi kowòdone politik, reglemantasyon ak pwogram piblik yo pou founi opòtinite konplè egalego pou moun ki soud, ki vin soud nan ta yo e ki mal pou tande yo nan Massachusetts
150 Mount Vernon St. 5yèm Etaj, Dorchester 02125 617-740-1600

Depatman Edikasyon Massachusetts
www.doe.mass.edu
Travay nan patenarya ak distri eskolè Massachusetts yo pou amelyore sistèm lekòl piblik lan ak lòt òganizasyon ki founi pwogram ak sèvis edikatif
75 Pleasant St., Malden 02148 781-388-3300

Biwo pou Andikap Massachusetts lan
www.mass.gov/mod
Yon ajans defans piblik ki sèvi moun ki gen andikap ki gen tout laj ak yon misyon prensipal pou asire aksè
1 Ashburton Place Room 1305, Boston 02108 617-727-7440

Parents Helping Parents (Paran k ap Ede Paran)
Liy pou Estrès Paran yo 800-632-8188
Yon sèvis nan tout Eta a ki ofri soutyen bay paran
108 Water Street, Watertown 02472 617-926-5008

The Right Question Project, Inc.
www.rightquestion.org
Founi yon estrateji edikatif pou fanmi yo nan jere pwogram, ajans ak enstitisyon ki benefisye soutyen piblik ak objektif pou elaji demokrasi
2464 Massachusetts Ave. Suite 314, Cambridge 02140 617-492-1900

United States Department of Education Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivik Depatman Edikasyon Etazini an, Biwo Boston lan)
Aplike plizyè dwa sivik federal ki entèdi diskriminasyon nan pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans finansye federal apati Depatman Edikasyon an (ED)
5 Post Office Square, 8yèm Etaj, Boston 02109 617-289-0111

Urban Pride
www.urbanpride.org
Yon òganizasyon ki pa pou pwofi ak yon sant resous kominotè pou abilite epi sipòte paran timoun ki gen andikap yo nan banlye Boston pou amelyore lavi timoun yo lakay, nan lekòl ak nan kominote an.
15 North Beacon St, Alston MA 617-206-4570 ext. 301 info@urbanpride.org

Volunteer Lawyers Project
www.vlpnet.org
Founi reprezantasyon jiridik nan dosye sivil bay endijan Boston yo atravè sèvis gratis avoka ak parajiris prive yo
99 Chauncy St, Suite 400, Boston 02111 617-423-0648

_____
Dat

_____

_____

_____ Lekòl Piblik yo

Ak Moun Sa Konsène an:

Antanke paran/gadyen_____, mwen ap mande yon evalyasyon Ekip pou timoun mwen an.

Mwen enkyete pou domèn ki suiv yo la kote timoun mwen an ap eksperimante difikilte:

- ☐ Konpòtmantal
- ☐ Dyalòg
- ☐ Ègoterapi
- ☐ Terapi Fizik
- ☐ Andikap nan Aprantisaj
- ☐ Dyagnostik ADHD
- ☐ Dyagnostik Otis
- ☐ ABA
- ☐ Fonksyonnman Egzekitif
- ☐ _____

Mwen konprann yo ap ban m yon fòmilè konsantman, ki dekri pwosedi evalyasyon an, nan espas senk (5) jou lekòl apati demann sa a. Pi lwen mwen konprann evalyasyon an ap reyalize nan espas trant (30) jou lekòl epi yon rankont ekip ap fèt nan espas karant senk (45) jou lekòl apati konsantman m pou evalyasyon an.

Mwen t ap apresye rankontre ak Chèf Ekip Edikatif lan anvan tès lan demare pou mwen ka pataje enfòmasyon enpòtan sou timoun mwen an epi aprann plis sou pwosesis tès lan. Anplis, mwen ta renmen analize yon kopi ekri evalyasyon ki reyalize sou timoun mwen an 2 jou anvan Rankont Ekip lan.

Tanpri remake mwen ap bezwen yon entèprèt ki pale_____ ki fòme pou sa.

Mèsi pou konsideraysyon rapid ou pou dosye sa a. Mwen kontan ede nan pwosesis sa a.

Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri kontakte m nan_____.

Ak tout kè m,

_____ _____
Siyati paran/gadyen an Non paran/gadyen an ak lèt detache

_____ _____
Adrès Nimewo Telefòn

DEMANN EVALYASYON ENDEPANDAN (DEZYÈM OPINYON)

Dat:

Chè Direktè_____:

Mwen se paran_____. Mwen pa dakò ak dènye evalyasyon lekòl lan nan domèn (drese lis domèn yo - edikatif, sikolojik, elatriye) Nan kad 28.04(5)(c) reglemantasyon Edikasyon Espesyal yo nan Massachusetts, mwen ap fòmèlman mande yon evalyasyon endepandan pou timoun mwen an nan domèn ki nan lis anba yo. (lis ki anba: pa egzanp: terapi dyalòg, langaj, newosikoloji, ègoterapi, sikoloji, edikasyon, terapi fizik, elatriye)

_____

_____

_____

(Si sa aplikab, ajoute: Timoun mwen an kalifye pou repa midi gratis oswa nan pri redui donk mwen pa blije founi dokiman sou revni. OSWA, si sa aplikab ajoute: Revni anyèl antisipe mwen pi ba pase 400% direktiv federal yo sou revni an.

Mwen mande pou ou founi otorizasyon bay evalyatè ki suiv lan (yo). (drese yon lis chak evalyatè ak kalite evalyasyon ki ap bay lan).

Non:

adrès

nimewo lisans

kalite evalyasyon

Ak tout kè m,

Non:

Adrès:

cc Direktè Edikasyon Espesyal la

© 2005 Massachusetts Advocates for Children 25 Kingston St. Boston, MA 02111 617-357—8431

DEMANN EVALYASYON ENDEPANDAN (DEZYÈM OPINYON)

Demann pou Evalyasyon Endepandan *baze sou Revni Fanmi an* (28.04(5)(c)) Nan kad lalwa Massachusetts, paran yo gen dwa ak yon evalyasyon endepandan (ki benefisye finansman total oswa an pati nan men distri eskolè an) nan tout domèn distri eskolè an te deja evalye nan espas 16 mwa apre finisman evalyasyon lekòl lan. Lè gen yon demann ki plase nan kad dispozisyon sa a, distri eskolè an ka aplike yon echèl frè mobil sou baz revni fanmi an pou detèmine pati yo nan depans evalasyon endepandan an. Lekòl lan peye 100% nan depans pou:

- Fanmi yo jiska 400% nivo povrete an; ($111,640 pou yon fanmi ki gen senk moun.)
- Fanmi yo ki gen timoun ki resevwa yon repa midi nan lekòl ki gratis oswa nan pri redui. Fanmi an pa dwe founi enfòmasyon sou revni yo.

Si paran yo mande yon evalyasyon endepandan yon distri eskolè founi nan kad dispozisyon 28.04(5)(c) an, lekòl lan pa gen yon opòtinite pou defye bezwen pou yon evalyasyon endepandan men li dwe peye pati pa li nan depans lan dapre direktiv sou frè mobil yo. Fanmi yo ki depase 400% povrete peye yon pòsyon oswa tout depans lan toudepan revni yo.

Pwen kle yo:

- Dwe mande l nan espas 16 mwa apati resepsyon evalyasyon lekòl lan
- Distri eskolè an paka refize peye pati li nan depans lan
- Adrese l bay direktè lekòl lan ak yon kopi bay direktè edikasyon espesyal distri an

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts)

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906 Telefòn: (781) 338-3700
TTY: N.E.T. Relay 1-800-439-2370

SISTÈM REZOLISYON PWOBLÈM SÈVIS ASIRANS KALITE PWOGRAM LAN FÒMILÈ ENFÒMASYON POU KONSOMASYON

Nan lide pou abòde enkyetid aktyèl ou yo pi rapid sa posib, Depatman Edikasyon Lekòl Elemantè ak Segondè pou ou founi enfòmasyon ki suiv yo la.

Non Distri Eskolè an/Lekòl Kolaboratif/Prive: _____

Pwogram: Edikasyon Regilye _____ Edikasyon Espesyal (IEP) _____ 504 Plan _____ Lekòl Adomisil _____

Anplasman Lekòl lan: _____ #Telefòn Lekòl lan: ( ) _____

Non Ou (ak lèt detache): _____ **Siyati Ou Obligatwa**: _____

Adrès: _____ Vil oswa Vilaj: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn Lakay:(___) _____ # Travay (___) _____ # Selilè (___) _____ Imèl: _____

Wòl Ou:___ _____ 1=Paran; 2=Avoka; 3=Paran-Ranplasan pou Edikasyon ESE an Afekte; 4=Elèv; 5=Anplwaye Lekòl lan; 6=Lòt (Presize) _____

Aranjman ou ap bezwen yo nan kominike ak Depatman an: _____

Non Elèv oswa Gwoup lan: _____ Klas/Nivo: ____ Laj: ____ Gason/Fanm/Transjan: _____

Adrès: _____ # Telefòn: (____) _____

Lang (Ansèkle)-Paran/Elèv lan si se pa anglè: _____

Paran/Gadyen an si se pa ou: _____ # Telefòn Lakay: (___) _____

Adrès: _____ # Telefòn Selilè: (___) _____

Adrès: _____ #Telefòn Travay: (___) _____

Kontak lokal lekòl lan ou transfere yon kopi plent sa a ba li: _____

Dènye kontak lokal lekòl lan (yo) ou te kontakte nan jefò pou rezoud pwoblèm sa a: _____

Adrès _____ # Telefòn:(___) _____

Tanpri dekri enkyetid ou sou paj ki atache an, deklare reyalite presi enkyetid lan chita sou yo an. Tanpri atache tout dokiman ou kwè k ap itil ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè an pou konprann enkyetid ou an. Tanpri asire w ou mete yon deskripsyon tantativ ou yo pou rezoud enkyetid aktyèl ou yo anvan ou kontakte Depatman an, epi dekri aksyon presi ou kwè k ap rezoud enkyetid ou yo.

[Yo resewa l nan ESE: _____ Dat 60 Jou: _____]

DEKLARASYON BRÈF SOU ENKYETID AKTYÈL LAN (YO)

Kisa ki Etabli Diferans ant Medyasyon ak Lòt Rankont Edikasyon Espesyal?

- Se yon tyès pati ki reyalize medyasyon an
- Medyasyon an ka dekouvri nouvo apwòch pati yo pa t eksplore oparavan.
- Patisipan yo ankouraje pou egzamine rezon ki dèyè konklizyon yo epi re-evalye refleksyon yo.
- Medyasyon founi yon apwòch estriktire rezolisyon pwoblèm ki asire tout patisipan yo kapab eksprime pèspektiv yo pandan yo ap trete yo ak ekite epi san fòs kote.
- Kesyon medyatè an gendwa ankouraje nouvo panse, chwazi nouvo opsyon epi founi yon fòma kote moun ka kominike youn lòt nan yon fason diferan. Pati yo souvan atenn yon rezilta diferan pase sa yo te atenn nan rankont edikasyon espesyal oparavan.

Kilè Yo Ka Mande Medyasyon?

Yo ka mande medyasyon lè:

- I.E.P. an rejte nan totalite oswa an pati oswa lè gen yon dezakò konsènan evalyasyon, kalifikasyon, plasman oswa egzekisyon I.E.P. an.
- Gen yon dezakò ant paran yo ak distri eskolè an konsènan bezwen edikasyon espesyal elèv lan.
- Gen yon dezakò apwopo yon Plan Aranjman 504.

Kiyès ki Ka Mande Medyasyon?

- paran yo
- gadyen yo
- paran ranplasman edikatif yo
- elèv ki gen 18 lane oswa plis yo
- reprezantan distri eskolè yo
- defansè yo
- avoka yo

REMAK:

1. Medyasyon an ka pwograme anvan oswa ansanm ak yon odyans.
2. Yo ap bay entèprèt lè sa nesesè.
3. Toude pati yo dwe dakò patisipe nan medyasyon an anvan yo ka pwograme l.

Pou plis enfòmasyon oswa pou mande medyasyon, tanpri rele Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal yo (617) 626-7250

EDIKASYON ESPESYAL

Medyasyon



Èske se bon pwosesis lan pou rezoud kont ou an?

The Commonwealth of Massachusetts
Division of Administrative Law Appeals
Bureau of Special Education Appeals
(Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal
Divizyon Kontestasyon Dwa Administratif
Commonwealth Massachusetts lan)
1 Congress Street, Boston, MA 02114

(617) 626-7250

Kisa Medyasyon Edikasyon Espesyal lan ye?

Medyasyon edikasyon espesyal lan se yon pwosesis ki disponib gratis atravè Biwo Kontestasyon Edikasyon Espesyal lan (BSEA). Lè pèsonèl lekòl lan ak paran yo pa dakò apwopo bezwen edikatif yon elèv ki gen andikap, toude pati yo gendwa mande yon medyasyon.

Nan medyasyon an, yon medyatè tyès pati ki san fòs kote ede paran yo ak pèsonèl lekòl lan klarifye sousi ak enkyetid ki la yo, eksplore enterè, diskite sou opsyon epi rive jwenn antant ki pote satisfaksyon pou youn lòt ki abòde bezwen elèv lan. Medyatè an pa bezwen deside sou fason pou rezoud kont lan - ki rete nan men paran yo ak pèsonèl lekòl lan. Lè pati yo rezoud tout oswa kèk nan sousi yo, yo travay ansanm ak medyatè an pou mete antant lan alekri.

Rankont enfòmèl, ki rezoud pwoblèm nan kolaborasyon sa a ankouraje respè youn pou lòt, ankouraje kominikasyon epi souvan founi baz lan pou relasyon travay pozitif ant paran an (yo) ak pèsonèl lekòl lan.

Medyasyon an:

Enfòmèl | **Konfidansyèl** | **Atan** | **Volontè**

Gwo pousantaj rezolisyon yo ki soti nan medyasyon montre patisipan yo ap itilize l ak efikasite nan travay sou kont yo. Pandan medyasyon an se yon lòt posiblite parapò ak yon odyans nan pwosesis regilye, patisipe nan yon medyasyon pa retade oswa anile dwa okenn moun pou yon odyans nan pwosesis regilye.

Kisa Kalifikasyon Medyatè yo Ye?

Medyatè nan BSEA yo gen:

- Edikasyon, fòmasyon ak eksperyans nan medyasyon, rezolisyon konfli, teknik kominikasyon ak rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon.
- Fòmasyon nan lwa ak reglemantasyon Eta a ak federal yo anrapò ak edikasyon elèv ki gen andikap yo.

Kijan Medyasyon an Diferan ak yon Odyans?*

Medyasyon	Odyans
Pwosesis enfòmèl lan pran anviwon 2-5 èdtan	Pwosedi jiridik fòmèl lan pran anviwon 1-3 jou
Patisipasyon volontè pou paran yo ak distri eskolè yo	Patisipasyon obligatwa sou demann odyans bò kote swa paran yo oubyen distri eskolè yo
Avoka yo pa bezwen prezan epi pati yo pale pou tèt yo	Avoka yo jeneralman prezan epi yo abityèlman pale nan non patisipan yo
Diskisyon an pèmèt patisipan yo konsantre sou pwochen pwgram edikatif elèv lan ansanm.	Prèv ak temwanyaj sou sèman prezante antanke baz jiridik pou yon desizyon apwopo pwogram edikatif elèv lan.
Pati yo fasonnen pwòp antant yo atravè rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon.	Ofisye odyans lan rann yon desizyon sou baz yon detèminasyon reyalite yo ak lalwa.
Lè yo jwenn rezolisyon an, pati yo abityèlman kite medyasyon an ak yon antant ekri.	Desizyon ekri nan men Ofisye Odyans lan bay 25 jou apre fèmti pwosesis odyans lan.

*** *Tablo sa a desinen konparezon ant medyasyon ak yon pwosedi odyans fòmèl. Anpil demann odyans rezoud anvan yon odyans fòmèl demare.***

Ak Kisa Seyans Medyasyon an Sanble?

Medyasyon an abityèlman fèt nan distri eskolè elèv lan menm kote yo ka pwograme yon dat ak yon lè ki bon pou youn lòt. Patisipan yo nan yon medyasyon se jeneralman paran, moun ki bay paran an soutyen ki fè chwa a, direktè edikasyon espesyal distri eskolè an ak pèsonèl lekòl lan ki konnen elèv lan ak/oswa pwogram apwopriye yo nan distri an. Yon seyans medyasyon gendwa dire soti 2 èdtan pou rive yon jounen. Pafwa, plizyè seyans nesesè, jan toude pati yo dakò sou sa. Piske medyasyon an konfidansyèl, pa gen okenn anrejistreman odyo, videyo oswa ekri seyans medyasyon an apa antant ekri, siyen sou medyasyon an.

Jou Medyasyon an

Chak medyatè ap reyalize yon medyasyon lejèman diferan, men medyasyon yo abityèlman suiv estrikti sa a:

- Dabò, medyatè an bay yon **entwodiksyon.** Pandan entwodiksyon an, medyatè an esplike wòl li epi dekri pwosesis medyasyon an.
- Ansuit, gen yon **seyans konjwen** inisyal. Seyans konjwen an se premye opòtinite pou lekòl lan ak paran an (yo) pataje epi ranmase enfòmasyon. Medyatè an mande chak patisipan pou esplike sitiyasyon an nan pwòp opinyon pa l.
- Twazyèman, medyatè an gendwa mande **seyans separe**. Pandan seyans prive sa yo, medyatè an gen yon chans pou pale ak chak pati pou kont yo sou kèk reyalite sansib. Li ede pou defini byen klè nan kisa chak pati enterese pou soti nan medyasyon an. Medyatè an gendwa ede pati yo devlope opsyon pou atenn yon antant. Enfòmasyon ki pataje yo pandan seyans prive an pa revele bay lòt pati amwenske medyatè an jwenn pèmisyon pou l fè sa.
- Katriyèman, gendwa gen **seyans konjwen anplis** kote pèsonèl lekòl lan ak paran an (yo) kontinye eksplore opsyon ki posib yo.
- Senkyèman, gen yon **seyans final konjwen**. Nan pwen sa a, pèsonèl lekòl lan ak paran an (yo) travay ansanm ak medyatè an pou ekri fason yo te deside rezoud kont yo an. Pati yo siyen dokiman ekri sa a apresa ki vin yon antant medyasyon ki lye yo. Si pa gen okenn antant ki jwenn, medyatè an pral travay ak pati yo pou detèmine kisa pwochen etap yo ap ye.